# QARAQALPAQ BAQSÍSHÍLÍQ ÓNERÍNÍŃ JASLAR TÁRBÍYASÍNDAĠI ORNÍ

**Otepbergenova Guzzal Omirbaevna** – *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD)*
gozzalotepbergenova61@gmail.com
**Utemuratova Elıza** – *magistrant*
*Ózbekstan mámleketlık kórkem óner hám mádenıyat instituti Nókis filialı*

# РОЛЬ КАРАКАЛПАКСКОГО ИСКУССТВА БАХШИ В ОБРАЗОВАНИИ МОЛОДЕЖИ

**Гуззал Отепбергенова** – *доктор философии (PhD) по филологическим наукам, доцент*
**Утемуратова Элиза** – *студентка магистратуры по специальности "Песня и танец"*
*Нукусский филиал Государственного института искусств и культуры Узбекистана*

# THE ROLE OF KARAKALPAK BAKHSHI ART IN YOUTH EDUCATION

**Otepbergenova Guzzal Omirbaevna** – *Doctor of Philosophy (PhD) in Philological Sciences*
**Utemuratova Eliza** – *is a Master's student specializing in "Song and Dance."*
*Nukus branch of the Uzbekistan State Institute of Arts and Culture*

**Tayansh sózler**: xalıq qosıqları, sazende, qosıqshı, baqsılar, madeniy miyraslar, muzıka tarıyxı.

**Rezyume.** Qaraqalpaq xalqınıń dástúriy baqsıshılıq óneri arqalı jas áwladta insanıylıq pazıyletlerin qáliplestiriw hám milliy qádiriyatlardı saqlap qalıwdıń áhmiyetin ashıp beriw. Qaraqalpaq baqsıshılıq óneri jaslar tárbiyasında tek kórkem-muzıkalıq qural emes, bálki milliy ózlikti ańlatıwshı, ulıwma insaniy tárbıya mektebi bolıp xızmet etedi. Bul ónerdi zamanagóy tálim-tárbiya procesine integraciya qılıw arqalı kámil insandı qáliplestiriw múmkin.

**Ключевые слова:** народные песни, музыканты, культурное наследие, история музыки.

**Резюме.** Раскрыть важность формирования духовно-нравственных качеств молодого поколения и сохранения национальных ценностей посредством традиционного искусства бахши каракалпакского народа. Каракалпакское искусство бахши служит не только художественно-музыкальным инструментом в воспитании молодежи, но и общечеловеческой школой воспитания, способствующей национальному самосознанию и противостоящей духовным дефектам. Интегрируя это искусство в современный образовательный процесс, можно сформировать гармонично развитую личность.

**Key words**: folk songs, musicians,singers,bakhshis, cultural heritage, history of music.

**Summary.** To reveal the importance of forming the spiritual and moral qualities of the younger generation and preserving national values through the traditional art of bakhshi of the Karakalpak people. The art of Karakalpak bakhshi serves not only as an artistic and musical tool in the upbringing of young people, but also as a school of universal human education, expressing national identity and countering spiritual shortcomings. By integrating this art into the modern educational process, it is possible to form a well-rounded individual.

Qaraqalpaq xalqınıń muzıka mádeniyatı erte zamanlardan berlı rawajlanıp keledi. Bul rawajlanıw jolları tariyxshı alımlarımızdıń, ilimpazlardıń ádebiyat hám kórkem óner izertlewshı alımlar tárepinen izertlenip hár tárepleme tastıyıqlanıp kelmekte. Xalqımızdıń muzıka mádeniyatın rawajlandırıwshılar bular eń eskiden kiyatırǵan xalqımızdıń súyikli atqarıwshıları bolıp tabılatuǵın jırawlar, baqsılar, qıssaxanlar, qosıqshı hám sazendeler bolıp esaplanadı hám húrmet penen tilge alınadı. Olardıń sazı menen sózi xalıqtıń tilegine say únles bolıp keledi. Jıraw, baqsı, qıssaxan, qosıqshılardıń xızmeti xalqımızdıń kóp ásirlik tariyxı menen tıǵız baylanıslı ósip rawajlanıp keledi. Qaraqalpaq xalqı uzaq ásirlerden berli Orta Aziyada jasawshı ásirese ózbek, qazaq, túrkmen xalıqları menen terretoriyalıq hám tıǵız ekonomikalıq baylanısta jasap keledi. Olardıń ádebiyatı menen kórkem óner, muzıkasınıń jaqınlıǵı túrkey tilles bolıp mádeniyatınıń bir-biri menen baylanısta rawajlanıp kiyatırǵanlıǵı tariyxıy dereklerden málim hám ayqın kórinip turadı. Jaslardı watandı súyiwshilikke, tuwǵan jerge, xalıqqa Ana Watanǵa sadıqlıqqa taǵı da kóp ǵana adamgershiliktiń eń jaqsı pazıyletlerin tárbiyalawda muzıkanıń ásirese xalıq muzıka ǵáziynelerinde batırlıq jırlar, terme-tolǵawlardıń, watan, miynet tuwralı hám úgıt-násiyat qosıqlarınıń tásirsheńligi hámmege málim. Qaraqalpaq xalqı uzaq ásirlerden beri óz turmıs - tirishiliginiń aynası sıpatında túrli janrlarda bay muzıka mádeniyatın hám ádebiy miyrasın dóretken. Xalıqtıń awız ádebiyatın zamannan zamanǵa, atadan balaǵa alıp kelıwshı xalıq dóretpelerin yadlap, onı ózi jasaǵan zaman tiline biyimlep qayta islep xalıqtıń awızeki sóz ónerin

sóylep, aytıp jırlap berıwshı bul ónerge óziniń ómirin sarıp etiwge xalıqtıń jırları jıraw menen baqsıları, qıssaxan menen shayırları, ertekshi menen sazende hám qosıqshıları boladı. Qaraqalpaq xalqınıń muzıka mádeniyatı erte zamanlardan berli ósip rawajlanıp keledi. Qaraqalpaq xalqınıń muzıka mádeniyatın rawajlandırıwshılar eń eskiden kiyatırǵan súyikli ónerpazlarımızdan esaplanılatuǵın - jırawlar, baqsılar, qıssaxanlar, qosıqshılar bolıp esaplanadı hám tilge alınadı.

Xalqımızdıń mádeniy miyrası bolǵan muzıka mádeniyatlarımızdı rawajlandırıwshılar bolǵan jıraw, baqsı, qıssaxan hám qosıqshılardıń tutqan ornı oǵada ullı. Qaraqalpaq xalqında duwtar shertip, qosıq aytatuǵın óner iyesiniń biri «baqsı» dep ataladı. Bul «Baqsı» sózı túrkiy tilles xalıqlarda burınnan kiyatırǵan eski sóz. Qaraqalpaq baqsıları ózbek, túrkmen baqsıları menen óz ara jaqınnan qarım-qatnasta bolıp, xalıqtıń toy-merekelerin birge atqarıp óz repertuarlarınan hár tárepleme qosıq hám dástanlar menen bayıtıp, baqsıshılıq ónerin rawajlandıradı. Ataqlı Aqımbet baqsı, onıń belgili xalıq arasında húrmet hám úlken abrayǵa iye bolǵan ataqlı shákirtleri, Musa, Edenbay, Bayniyaz, Xojabala, Xudaybergen, Qurbaniyaz, Japaq, Esjan, Amet, Genjebay baqsılar hám qaraqalpaq xalqınıń klassik shayırı Berdaqta «Berdaq baqsı» - degen ataqqa iye bolıp óz baqsıshılıq mektebın dóretken qaraqalpaq xalqınıń ataqlı baqsıları bolıp tabıladı. Baqsıshılıq ónerın keńnen ósip rawajlanıwına túrkmen baqsısı Súyew baqsınıń qaraqalpaqlar menen kópten berlı ómir súrip kiyatırǵan Arallı ózbek baqsılarınıń miyneti ayrıqsha belgili orın tutadı. (Arallı ózbek baqsıların «Qońıratlı baqsılar» Qaraqalpaq baqsılar dep te aytadı. Qońıratlı baqsılar (Arallı) namaların qaraqalpaq namalarına aytadı). Ámiwdáryanıń ayaǵındaǵı "Arallı" dep atalǵan.

Xorezm ózbeklerı baqsılarınıń kópshiligine túrkmen baqsısı Súyew baqsı ustaz bolǵan. Súyewden burında Abay, Atash, Ǵáripniyaz (qaraqalpaq) qusaǵan Xorezm jigitleriniń ataqlı baqsıları bolǵan. Bul baqsılar ózbek, túrkmen, qaraqalpaq, qazaq, xalıqlarında yaǵımıy, Xorezmde jasawshı qońsılas usı xalıqlardıń da súyip tıńlaytuǵın ataqlı baqsıları bolıp tanılǵan. Baqsıshılıq óneri xalqımız Orta Aziyaǵa, kóship kelgennen keyin qaraqalpaqlar arasında baqsıshılıq óneriniń keńnen taralıwı hám rawajlanǵanı alımlarımızdıń, ádebiyatshı ilimpazlardıń miynetlerinde óz tastıyıqlawın tapqan. Ilimpaz alımlarımızdan Qallı Ayımbetovtıń "Xalıq danalıǵı", Qabıl Maqsetovtıń "Dástanlar" baqsılar, jırawlar, "Qaraqalpaq jıraw, baqsıları" T.Adambaevtıń "Qaraqalpaq muzıkası tariyxınan" atlı miynetlerinde ayqın kórsetilgen. Baqsıshılıq óneri baqsılar qaraqalpaqlar arasında XVIII ásirden burında bolǵanlıǵı, erte dáwirlerden baslanǵanlıǵın dáliyllep, biraq baqsıshılıqtıń keńnen gúllep rawajlanıwın, jetilisiwin XVIII ásirden dep tariyxıy dereklerge súyene otırıp tastıyıqlaydı. Qaraqalpaq baqsıları dástan qosıqların atqarıwı ózınıń barlıq sheberlıgın iske salıp, dástannıń mazmunı salt namalardı tańlay biliw menen tıńlawshılardıń qanday namalardı tańlay biliwi menen tıńlawshılardıń qanday namalardı jaqsı kóretuǵının esapqa alıp, tıńlawshı kópshilik qaysı baqsılar mektebınıń namaların unatadı, toyǵa jıynalǵan kópshiliktiń talabına sáykes, dástanlardaǵı qosıqlardı aytıwdı namalardı ózgertip otırǵan. Mısalı: "Ǵárip ashıq" dástanındaǵı "Janım mollam bir zaman sol yarımdı azat qıl" qosıǵın, "Nigarım" namasına, "Ne boldı yarım kelmedi" qosıǵın "Gúlpaq" namasına, "Náyleyin" namasına, "Yarım kelgenińdi bilá bilmedim" qosıǵın "Arıwxan" namasına Ǵáriptiń qosıqları, "Xoshadás", "Ala qayıs", "Musa sen yarı", "Kepter muxallesi", "Terme muxallesi" namalarına salıp aytılǵan. Qaraqalpaq xalqınıń kóplegen atı shıqqan talantlı baqsıları dóretiwshilik uqıbına hám shayırshılıq uqıpqa da iye bolıp, bir qansha duwtar sazların sonday-aq, nama qosıqların dóretkenligin, ádebiyatshı, tariyxshı ilimpaz aǵalarımızdıń miynetlerinde, kitaplarında óz tastıyıqlanıwın tapqanlıǵın olardıń jazıp qaldırǵan miynetlerinen oqıp bilemiz. Qaraqalpaq xalqınıń ataqlı baqsısı Aqımbet baqsı "Qızlar úyge kir", "Biyim", "Arıwxan", "Ilǵal", "Yaǵlı báhár", "Alaqayıs", "Qara jorǵa" namasın "Bes perde", "Tarlan" namaların dóretkeni bizge málim. Aqımbet baqsınıń ataqlı shákirtiniń biri Musa baqsı "Jeti asırım", "Jaman shıǵanaq", "Musa", "Sen yar qal endi", "Musa sen yarı" namaların dóretkenligin, sonday-aq, ataqlı palwan xosh háwaz qosıqshı Jańabay palwannıń "Aydıńnan", "Aqsúngil", "Qazı ishan" namaların hám sózin ózi shıǵarǵan, Berdaq baqsınıń "Qız Munayım", "Sanalı keldi" namaların dóretkeni belgili. Ertede ótken ataqlı baqsılardıń birinen sanalǵan Arzı baqsınıń "Siyperde" naması "Arzı muxallesi", namaları belgili baqsılardıń aytıwı hám xalıq awzınan alınǵan tariyxıy maǵlıwmatlarǵa tiykarlanıp bir neshe ataqlı baqsılarımızdıń nama qosıqları, sazları atqarǵan dástanlarındaǵı kóplegen qosıqları xalıq qosıqları bolıp xalıqqa sińisip ketken hám qaraqalpaq xalqınıń milliy muzıka baylıǵı, milliy muzıka miyrası bolıp tabıladı. Baqsı namaları óziniń qonımlı esitken qulaqqa jaǵımlı ırǵaqlı háwijlı nama hám qashırımlı bolıp, hár qıylı ráńbáráń naǵıslarǵa

bezewlerge iye bolıp tıńlawshılardıń qulaq qurshan qandırıp atadan balaǵa, ustazdan shákirtke miyras bolıp xalqımızdıń súyip tıńlaytuǵın nama qosıqları bolıp kelmekte. Baqsı namaları, namanı dóretiwshi baqsılardıń ataqlı aytqısh qosıqshılardıń atları menen baylanısıp otıradı. Kóplegen namalar tariyxta bolǵan waqıyalar menen de ataladı. Ayırım namalardıń payda bolıwı jóninde xalıq namalarınıń kúshi jóninde xalıq awzında tolıp otırǵan ańız áńgimeleri bar. Xalıq namaları xalıq ómirinde xalıqtıń ruwhıy azıǵı retinde úlken orın tutadı. "Xalıq naması", "xalıq qosıǵı"- dep atalıp ketken kóplegen xalıq nama qosıqlarınıń dáslep álbette dóretıwshısı bir adam bolǵanı sózsiz. Ol baqsı ma, sázende me yamasa ataqlı aytqısh qosıqshı ma namanı dóretkenı menen ol dóretken nama waqıttıń ótıwı menen birewden-birewge ótip bir qansha ózgeriske ushırawı jańalanıwı kóbısı umıt bolıwı da múmkin bolǵanınday ol namanı dóretken baqsınıń yamasa sazendenıń atı umıtılıp ko'plegen namalardıń atı sol namanıń qosıq tekstı menen atalıp ketkenı málim. Kóplegen namalar sol namanı eń jaqsı atqarǵan baqsınıń atı menen de atalıp ketken. Qaraqalpaq xalqınıń ataqlı baqsıları tárepınen dóretılgen qosıq-namalar, olardıń atqarǵan, dástanları, xalıq qosıqları hám duwtar sazları olardıń shákirtlerine xalıq ishinen shıqqan talantlı qosıqshı, sázendelerge ótip jańalanıp uzaq jıllar dawamında eń hasıl dúrdanaları olardıń yadında saqlanıp ustazdan shákirtke miyras bolǵanday usı búginge kelip jetken. Xalqımızdıń muzıka baylıǵı ele de kóp jıllar dawamında máńgige izi úzilmey kem-kemnen kóbeyip jetilisip taza nama qosıqlar menen tolısıp xalqımız arasında jańlay beredi xalqımızǵa mádeniy ruwxıy baylıq bolıp xızmet qıladı. Ataqlı qaraqalpaq baqsılarınıń sonıń ishinde Aqımbet, Musa, Edenbay, Bayniyaz, Shernazar, Berdaq baqsı, Qarajan, qız baqsı Húrliman, Qurbaniyaz, Japaq, Esjan, Amet, Genjebay hám taǵı basqa da baqsılarımızdıń atları olardıń atqarıwındaǵı nama-qosıqları, duwtar sazları, xalıq dástanları uzaq jıllar dawamında xalqımızdıń yadında máńgi saqlanıw menen birge xalıq ishinen shıqqan talantlı jaslarımızdıń qosıqshı, sázende, baqsılar sonday-aq, artistlerimizdiń jetilisiwine olardıń qatarı ónip ósip kóbeye beriwine úlken tásir etetuǵını sózsiz. Baqsılarımızdıń atqarǵan nama-qosıq, dástanları, kóplep jazıp alınıp, radionıń altın fondına jazılıp qaldırılǵan. Qaraqalpaq folklorınıń 100 tomlıǵınıń ishinen óziniń girewli orının taptı. Qánige sázendelerimiz, muzıka oqıtıwshılarımız, kompozitorlarımız tárepinen bir qanshaları qayta islenip jańasha tús alıp xor shıǵarmalarına, orkestrlerge, oyın namalarına, muzıka drama, operalarında da paydalınılmaqta. Burıngı baqsılarımızdıń dóretken nama-qosıqları, milliylıgımızdı tanıwda, milliy mádeniyatımızdı hár tárepleme rawajlandırıwda keleshek jaslardı milliy mádeniyatqa tárbiyalawda qosıq-namalar dóretiwshi jaslarǵa úlgı bolıw menen qatar jol kórsetıwshı juldız retınde sanaları sózsiz.

Xalqımızdıń muzıka mádeniyatın rawajlandırıwda qaraqalpaq xalqınıń ataqlı baqsıları dástan qosıqların atqarıwdaǵı ózgeshelıklerı menen sheberlikleri uqıplılıqları xalqımızdıń yadında uzaq saqlanıw menen birge keleshekte de dawam ete beredi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


7. Maqsetov Q. «Qaraqalpaq xalqiniń kórkem awızeki dóretpeleri» N. «Bilim» 1996j.
8. Отепбергенова Г. Халық фольклорлық дәстүрлерди үйрениў дәўир талабы. Kórkem óner hám mádeniyat Xabarshısı» ilimiy-metodikalıq jurnalı. 2025-жыл. №4-сан.
9. Отепбергенова Г. Эссе – көркем публицистикалық жанр сыпатында. Kórkem óner hám mádeniyat Xabarshısı» ilimiy-metodikalıq jurnalı. 2026-жыл. №1-сан.
10. Otepbergenova G. Úrp-ádet, dástúrler - ruwxiy mádeniyatimiz negizleri. Sun'iy intellekt falsafasi: tarixiylik va zamonaviylik dialektikasi" mavzusidagi konferensiya. 2026-jıl 22-may.
11. Отепбергенова Г. Халқ педагогикаси ва миллий қадриятлар. Qo'qon DPI. Ilmiy xabarlar 2025-yil 9-son.